gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

**ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»**

**№24 (6853) * 22 ИЮНЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 7 МУХIАРРАМ 1448 с. ***

# Тарих кIочаразул букIинесеб гьечIо




**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб 1941 соналъул 22 июнь ккола Россиялъул тарихалда бищун пашманал къоязул цояблъун.**

Циндаго, ракIалдаго гьечIого, радал сагIат ункъгоялда, Гитлерилал фашистаз эркенаб нилъер гIумру щущахъ бихизабизе хивалгун, гьужум гьабуна Советияб Союзалъул ракьалде. 27-го миллионалде гIагарун чи дунялалдаса ватIа гьавураб гьеб рагъ ккана бищун вахIшияблъун нилъер хIукуматалъе.

Тарихияб 22 июнь киданиги ва лъиданиги кIочон букIинчIо. Амма, 1996 соналъ, Бергьенлъиялъул къо бихьичIого чIваразул бахIарчилъи кIоченчIого букIине ва квешаб балагь такрарлъичIого букIиналъул мурадалда, официалияб къагIидаялъ ракIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул къолъун чIезабуна. Гьеб къоялъ тIолабго хIукуматалда гIодоре риччала байрахъал, цIар лъаларев рагъухъанасе рарал памятниказда ва свин гьечIеб цIаялда цере лъола тIугьдузул венокал, тIоритIула патриотическиял акцияби ва гьел гурел цойгидалги ракIалде щвеялъул тадбирал.

2020 соналдаса нахъе 22 июналъ къаде сагIат 12:15 киналго регионазда тIолгороссиялъул сихIкъотIиялъул минут лъазабула.

2009 соналдаса нахъе къасе, сардил сихIкъотIиялда, тIобитIула КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ракIалде щвеялъул тIолгомиллияб акция «РакIалде щвеялъул хIидул чирахъ» абураб.

Тарихияб къоялъул лозунглъун рикIкIине бегьула «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абурал рагIаби.

85 соналъ цебе тарихалда бикIкIараб пашманаб къоялъул ракIалде щвеялцин захIматал ругел мехалъ, лъугIун толеб гьечIо рагъулаб балагь. Чачаналъ багъарараб рагъалъ чан рокъобе къварилъи бачIараб. Кинго, кантIулеб гьечIо гIадамил лъимер. Гьанжеги, къоял анагIан СВОялдаса чIегIерал кагътаз босун бачIунеб харбица абадиялъго эбелазул ракI бекизе гьабулеб буго ва лъимал бесдаллъулел руго.

Жакъа къоялде, тIолабго хIукуматалъул тарих хисизабун цебе босизе, жидеего данделеб хIалалъ бицине гьарулел къасдал гьоркьор къотIизе толел гьечIо дунялалъулго питначагIаз. Амма, кIоладай гьезда анцI-анцI миллионал дунялалдаса тIагIинарурал ирсилазул рекIелъа тарих бахъизе ва ракIалдачIеял чуризе.

КъваригIараб буго, нилъер гIолилаз, ВатIаналъул тарих гъваридго лъазаби ва тарихалъе битIараб къимат кьезе бажари. Аби бугеблъидал: «Тарих кIочаразул букIинесеб гьечIилан».

12 ИЮНЬ – РОССИЯЛЪУЛ КЪО

## Байрамалъул хIурматалда

**Районалъул маданияталъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул поселениязда гьоркьосеб централъул хIалтIухъабаз миллияб ретIелги ретIун, ГIаймакиб росулъе унеб нухда бугеб балагьулеб площадкаялда кIодо гьабуна 12 июнь – Россиялъул къо.**



Берцинго къачIан, Россиялъул байрахъалгун кодор гьез районцоязда баркана тIаде щвараб, магIна кIудияб пачалихъалъулаб байрам. Гьеб ккола нилъер тарих, умумуз ирсалъе нахъе тараб маданияталъул кIвар борхатго ккун ирсалъе кьолеб букIин.

Россиялъул халкъал цолъиялъул соналъул хIурматалда тIобитIараб гьеб буго цIакъ магIнаялъул рахъалъ кIудияб ва жавабияб тадбир.



## «Ниж – Россиялъул гражданал» тадбир

**Гьал къоязда районалъул администрациялда хIурматияб къагIидаялда анлъго цIалдохъабазе «Ниж – Россиялъул гражданал» акциялъул хIурматалда кьуна паспортал.**

Гьел цIалдохъабазе кьуна «Движение первых» общественнияб гIуцIиялъул хIалтIухъабигун цадахъ районалъул бетIер М. ТIагьировас.

Тадбиралда районалъул бетIерас баркана паспортал щварал гIун рачIунел гIолилазда тIаде щолеб бугеб 12 июнь – Россиялъул къо. Гьес гIолилазда бичIчIизе гьабуна паспортал щвей гьеб цохIо ихтияр щвей гурониги кIудияб жавабчилъиги букIин. Биччанте нужеца чIухIадго босизе паспорт, жигаралда гIахьаллъи гьабизе улкаялъул политикияб гIумруялда, чIахIи – чIахIиял бергьенлъаби нужее цIалулъ ва хIалтIулъ – ян абуна М.ТIагьировас.

# Кьурдиялъ цойги махщалил чIел босана



**Гьаб соналъул 12 – 14 июналда Чачаназул республикаялда Грозный шагьаралда тIобитIана «Халкъазул цолъи ва гьудуллъи» абураб тIолгодунялалъул халкъазда гьоркьосеб гIемержанразулаб фестиваль. Тадбир тIобитIана «Вайнах» концертазул залалда. КIудияб тадбир тIобитIиялъул аслияб масъала букIана Россиялъул республикабазда ва шагьаразда гьоркьоб маданияталъул бухьен щула гьаби, цересел гIадатал гьанже замангун рухьинарун тIобитIулеб хIалтIул хIалбихьи бикьи ва цадахъал творческиял проектал гьари.**

Фестивалалда гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса ва къватIиса хIукуматаздаса хореографическиялгун фольклорниял 82 коллектив.

ГIахьалчагIаз жидерго махщел бихьизабизе рес букIана кьурди гьабиялъул 8 номинациялда, вокалалъул щуго номинациялда, художественияб рагIи абун 4 номинациялда ва инструментазда бакъан бачиналъул 5 номинациялда. Фестивалалда гIахьаллъи гьабизе рес кьолеб букIана анлъго сон баралдаса тIаде ригьалъул гIужалъул махщелчагIазе.

Фестивалалда, къецазул хIасилалда, рес букIана щибаб номинациялда гуребги, щибаб гIумруялъул ригьалда рекъонги призовоял бакIал щвезе. Гьелде тIадеги, церерахъиналъул гIаммаб хIасилалда рекъон кьезе бихьизабун букIана Гран-При 100 азарго гъурущ гIарцулаб шапакъаталъул. Цебеккунго фестивалалъул гIуцIарухъабаз абухъе, Гран При бикьизе рес букIана чанго номинациялдаги.

Фестивалалда гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби районалъул халкъияб хореографическияб ансамблялъ. Гьез бихьизабуна искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи ГIали МухIамадгIалиевас лъураб «Роржунел цIумал» кьурди ва цойги номинациялда «Хьергебдирил» кьурди. Церерахъиназул хIасилалда «Хьаргаби» ансамблялъе миллияб кьурди бихьизабиялъул ва хореографиялъул номинациязда тIоцересел бакIал щвана. Гьединго, баркалаялъул кагъат кьун бищунго лъикIав преподователь абун рехсана ансамблялъул художественияв руководителасул ишал тIуралев М.ХIамзатов. Коллектив мустахIикълъана фестивалялъул Гран Приялъе ва киназего гIахьаллъаралъухъ баркалаялъул кагътал кьуна.

Фестивалалъул гIуцIарухъабаз, церерахъиназул программаялда цадахъго, хIисабалде босун букIана рачIарал гIахьалчагIазе Грозный шагьаралда жаниб лъелаб экскурсия тIобитIизе.




Нилъер кьурдухъабаз цойги нухалъ, районалъул цIар къватIиб рагIизабураб, кьурдиялъ махщалил чIел босана.

**Х.ШАМСУДИНОВА.**

26 ИЮНЬ - ТIОЛГОДУНЯЛАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ НАРКОМАНИЯЛДЕ ДАНДЕ РАГЪБАЯЛЪУЛ КЪО

# Наркотикал - гIасруялъул балагь

**ТIолгодунялалъулго кIудияб проблемалъун бугеб «чIегIераб хвел» тIибитIичIого букIиналъе бербалагьи цIикIкIинабиялъул ва кинабго къуват гьелде буссинабиялъул мурадалда 1987 соналъул 26 июналъ наркотикал хIалтIизариялде данде рагъ гьабиялъул тIолгодунялалъул конференциялда цебе босун букIана общество гьеб балагьалдаса цIуниялъе гьабизе бугеб хIалтIул план. Гьелдаса нахъе 26 июнь чIезабуна наркоманиялде данде рагъ баялъул къолъун.**




Наркотикал ва гьезде гьоркьоре рикIкIунел цойгиги жал цо чиясул проблемалъун кколеб гьечIо жакъа къоялде. Гьеб буго тIолабго дунялалъулго проблема.

ХIатта, киназдаго лъикI лъалеб букIаниги наркотикал ва гьелда хурхарал жал хIалтIизарулел ругони чиясул рухIияб рахъги, чорхол хIалги хисулеблъи, хвезабулеблъи ва ахиралдаги хвалде цIалеблъи, гьелъул гьиназде кколел къо бахъанагIан гIемерлъулел руго. Гьездаго цадахъ гIагарал ва божарал чиги гIазабалде ккезарулел руго.

Наркотиказде гIолилал рачунеб нух цIакъ бигьаяб буго. Жидедаго лъачIого лъеца бачунеб тIамахгIадин уна гьел. ЗахIмалъи байбихьула гьелдаса тIезе гьаризе журани. Тарихалда гIемерал мисалал руго наркотиказ унго унгого жанире цIани гIумру хисизабизе бажарулареблъи бихьизабулел, гьелъул квачIикье ккарал жидерго пикруги хисун, жидерго мурад гьечIони, хIалги жанги гIечIони гIадатияб гIумруялде рахъине кIолареблъи бихьизабулел. Наркотиказ кIоченабулеб буго тIоцебесеб хIалбихьиялда хадуб щолеб лазаталъ гуккун хвалил ахиралде цIалеблъи .

ТIоцебесеб нухалъ щвараб гIадинаб рахIаталде щвезе гIоло такрар гьабуниги, гьелъул къуват гIолеб гьечIо, цинги къо бахъанагIан жанире цIалел руго. Гьеб гвендиниса рахъизе къо бахъанагIан захIмалъулебги буго, сахгьаризе гIемераб заманаги къуватги къваригIунебги буго.

Абизе ккола статистикаялъул баяназда рекъон наркоманазул къадар цIикIкIунеб буго наркотическиял препаратазул сияхI цIикIкIанагIан .

Официалияб къагIидаялъ чIезабун буго наркоманазул къадар 300 млн. чиясде бахун бугилан.

КIолибищха наркотическиял средствабиги, гьел хIалтIизариги тIагIинабизе? Гьелъие тIолабго дунялалъул общественосталъул гIемераб къуват рехулеб буго ва гIемераб хIалтIиги, хIалбихьиялги гьарулелги руго.

Кин гьеб хIалтIи унеб нилъер хIукуматалда ва районалда. Аслияб къагIидаялъ хIукуматалда кIвар кьолеб буго гIолилазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гIатIидго ва гъваридго тIобитIиялъе.

Аслияб хIалтIул бутIа гьабизе бихьизабун буго 12 – 14 сонилъ ругел гIолилазда гьоркьоб. БичIчIи кьеялъул хIалтIул цIикIкIараб бутIа тIаде ккола школалъул учительзабазде, хадубги медицинаялъул хIалтIухъабазде. Гьединго эбел- инсуда тIадаб буго мекъе нухде ккезе течIого лъималазе тарбия кьезе.

ГIолилазул бачIине ккола жидерго щулияб пикру наркотиказдехун рокьукълъи бугеб ва сахаб гIумруялде, спорталде рокьи бугеб.

Лъималазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабула хасго школазда: классалъул сагIтазда, тематикаялъул анкьазда ва биологиялъул дарсазда. Гьарула гIемерал гара-чIвариял наркотиказдасан бугеб заралалъул, чиясул гIумру жиндицаго хвезабиялъул ва аскIор ругезул гIумру кьогIлъизабиялъул бицунел.

Гьединго, школалъул лъималазулгун дандчIваялде рачIуна районалъул жанисел ишазул отделалъул лъималгун хIалтIи гьабулел сотрудникал, ЦРБялъул хIалтIухъаби. ГIаммаб бухьен бугеб хIалтIудалъун, гIолилазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьоркьоса къотIичIого унеб буго районалда. Школазда гьединго тIоритIула тематикалда хурхун суратал плакатал рахъиялъул къецал. ЛъикIаб традициялъун лъугьун букIана гIуцIиязул гIаммаб хIалтIудалъун, ОМВДялъ районалдаго гьоркьоб наркотикал гIолилазда гьоркьор тIоритIунгутIиялъе гьабулеб тадбир. Медикал, гIолилазул комитет, спорталъул комитет, прокуратура ва аслияб бутIа ОМВДялъги лъун унеб тадбиралъул программаялда гьоркьоб суратал, плакатал рахъиялъе къецазе хIасил гьабун лъималазе кьолаан багьа бугел сайгъатал ва грамотаби.

Гьединал тадибарздаса хадуб лъималазда ва гIолилазда бихьулеб букIуна сахаб букIинесеб нилъер букIинелъун районалъул чанго идараялъ цадахъаб хIалтIи гьабулеб букIин.

Наркомания, кIодо гьабичIого, абизе бегьула бищун вахIшияб гIумрудул рахъ бугин нилъер гIасруялъул ян. ТIаде рачIарал проблемабаздаса лъутулаго, гьелъул гьиназде кколел руго къо бахъанагIан цIикIкIун гIадамал. Амма кIочене бегьуларо гьеб «лъутиялъул» багьа цIакъго багьаяб букIин ва кIичIикьа рорчIизе цIакъго захIматаб букIин.

ЦIуне нужерго сахлъи, гIумру, гIагарал ва аскIор ругезул парахалъи.

СПОРТИВИЯЛ КЪЕЦАЛ




# Баркула Шамиль Шариповасда

Гьал къоязда Америкаялъул Сент-Луисалда тIобитIана эркенаб гугариялъул турнир. Гьениб лъикIаб хIасил бихьизе гьабуна Хьаргаби районалдаса Хъвартихьуниб росулъа Шамиль Шариповас 125 кг. цIайиялда.

ЗахIматаб дандчIваялъул хIасилалда Шамилица бергьенлъи босана Кубаялъул спортсменасда тIад.

Баркула Шамилида кIвар бугеб къецалъулъ тIадегIанаб хIасил, рукIаги дур бергьенлъаби жеги тIадегIанал.

Къуват ва сахлъи кьеги дуе хадув ккунги бергьине.




# Россиялъул чемпионаталда

14 июналда Ростов-на-Дону шагьаралда тIобитIана Россиялъул бразилиялъул джиу-джитсуялъул спорталъул чемпионат. Гьеб турниралде нилъер районалдаса ун вукIана цо спортсмен МухIамадрасулов МухIаммад 34 кг. цIайиялда 9-10 сон бараздa гьоркьов. Къецазде гIахьаллъи гьабизе рачIарал спортсменал гIемерал рукIана МухIаммадица гьабуна лъабго схватка, бихьизе гьабуна лъикIаб хIасил. Гьев вахъана Россиялъул чемпионлъун ва мустахIикълъана меседил медалалъе.

Баркула МухIаммадида щвараб бергьенлъи, къуват кьеги гьесие хадур -ккунги къецазда бергьине.

СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ « СЕЛЬСОВЕТ МОГОХСКИЙ»

## РЕШЕНИЕ

*« 15» июнь 2026 года*
*№ 01-05/07*

### «ОБ ИЗБРАНИИ ГЛАВЫ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ МОГОХСКИЙ»

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального образования «сельсовет Могохский», Регламентом Собрания депутатов МО «Сельсовет Могохский», рассмотрев информацию счетной комиссии, Собрание депутатов МО «Сельсовет Могохский»

РЕШИЛ:

1. Утвердить протокол заседания счетной комиссии № 3 по выборам главы муниципального образования «сельсовет Могохский».
2. На основании протокола об итогах голосования считать избранным главой муниципального образования «сельсовет Могохский» Амирханова Магомеда Абдулаевича, кандидата от Дагестанского регионального отделения Всероссийской политической партии «Единая Россия», получившего необходимое для избрания число голосов.
3. Настоящее решение вступает в силу со дня принятия и подлежит опубликованию в районной газете «Вперед» и размещению на официальном сайте администрации МО «сельсовет Могохский»

**Председатель Собрания депутатов МО «сельсовет Могохский» ДЖАМАЛУДИНОВ М.А.**

# Грепплингалъул турниралда лъикIал хIасилал

**Хьаргаби райцентралда бугеб грепплингалъул секциялде хьвадулел группаялда куцулел руго гIемерал гьитIинаб цIайиялъул спортсменал. Куциялъул ва щвараб махщелалъе къимат кьезе ккани, тренерасе цIакъ бокьула республикаялъул шагьаразда тIоритIулел турниразде гьел рачине. Гьебго мурад кидаго букIуна лъималазулги ва лъималазул умумузулги.**




Гьедин гьал къоязда МахIачхъала шагьаралда тIобитIана грепплингалъул Республикаялъул турнир. Гьеб турниралда гIахьаллъана Хьаргаби Gergebil_grappling_club командаялъул спортсменал.

Къецазул данчIваял кигIан захIматал рукIаниги спортсменаз бергьенлъаби росана. Цодагьабго хIалбихьи бугезда цадахъ гьанжегьанже цере рахъаразги бихьизабуна лъикIаб махщел ва гьунар бергьенлъаби росизе гьезулъ букIин.

**ДандчIваязул хIасилал ккана:**

9 меседил медал, 4 – гIарцул, 2-мазгарул медалги.

**Турниралъул чемпионал :**

МухIамадрасулов МухIаммад, КъурахIмаев Шамиль, МухIамадшарипов МухIамадшарип, МухIамадов ХIамзат, ХIамзатов Эльдар, МухIамадов МухIаммад, Нурудинов Халид, Исрапилов ХIамзат, МухIамадов Багьавудин.

**ГIарцул медалалъул призерал:** МухIамадов Шамиль, Айтемиров ГIабдурахIман, Ибрагьимов МухIамадшарип, Абакаров ХIамзат.

**Мазгарул медалалъул призерал:** Хуршилов Микаил, МухIамадов ХIамзат.

Бергьаразе кьуна медалал, кубокал ва футболкаби, гьел щварал шапакъатаздаса рази хутIана.

Баркула гIисинал спортсменазда росарал бергьенлъаби. Къуват ва сахлъи кьеги нилъер спортсменазе жеги тIадегIанал бергьенлъабазул хIасилал росун нилъ рохизе гьаризе.

АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
«ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*Гергебиль*

*от 20 мая 2026 г.* *№01-05/48*

## О подготовке жилищно-коммунального хозяйства, жилфонда и организаций бюджетной сферы муниципального района «Гергебильский район» к работе в зимних условиях 2026-2027 гг.

В целях своевременной и качественной подготовки объектов жилищно-коммунального хозяйства, жилищного фонда и объектов социально-культурного назначения муниципального района «Гергебильский район», к устойчивой работе в осенне-зимний период 2026 - 2027 годов, в соответствии со статьей 16 Федерального закона от 06.10.2013 № 131 «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в соответствии с Федеральным законом от 27.07.2010 №190-ФЗ «О теплоснабжении», руководствуясь приказом Министерства энергетики Российской Федерации от 13.11.2024 № 2234 «Об утверждении Правил обеспечения готовности к отопительному периоду и Порядка проведения оценки обеспечения готовности к отопительному периоду», администрация МР «Гергебильский район» - постановляет:

1. Утвердить для контроля за ходом подготовки к осенне-зимнему периоду 2026-2027 годов прилагаемые:

1.1. Состав муниципальной межведомственной комиссии (штаб) по подготовке жилищно-комунального хозяйства, жилфонда и организаций бюджетной сферы муниципального района «Гергебильский район» к работе в зимних условиях 2026-2027 годов (Приложение №1);

1.2. Положение о муниципальной межведомственной комиссии (штаб) по подготовке жилищно-коммунального хозяйства, жилфонда и организаций бюджетной сферы муниципального образования к работе в зимних условиях 2026-2027 годов (Приложение № 2);

1.3. Состав рабочей комиссии по обеспечению готовности к отопительному периоду и проведению оценки по обеспечению готовности, предстоящему отопительного периода 2026-2027 годов, теплоснабжающих и теплосетевых, электроснабжающих организаций и потребителей тепловой энергии, (Приложение № 3);

1.4. План-график мероприятий по подготовке жилищного фонда, потребителей коммунальных услуг и объектов жилищно-коммунального хозяйства, расположенных на территории муниципального района «Гергебильский район» к работе в осенне-зимний отопительный период 2026-2027 годов (Приложение № 4);

1.5. Программу проведения оценки обеспечения готовности к отопительному периоду, утверждаемой председателем (заместителем председателя) комиссии, содержащей информацию о лицах, подлежащих оценке обеспечения готовности, описание прав и обязанностей членов комиссии в соответствии с законодательством Российской Федерации, сроки и график проведения оценки готовности, и оценочный лист для расчета индекса готовности к отопительному периоду в муниципальном районе «Гергебильский район».

2. Межведомственной комиссии (штаб) по обеспечению готовности к отопительному периоду и проведению оценки по обеспечению готовности, предстоящему отопительного периода 2026-2027 годов, теплоснабжающих и теплосетевых, электроснабжающих организаций и потребителей тепловой энергии, провести оценку готовности:

- лиц, указанных в подпунктах 1.3 - 1.5 пункта 1 Правил 2234, с подписанием актов и паспортов готовности, в срок не позднее 15 сентября и обеспечить их размещение на своих официальных сайтах и в ГИС ЖКХ;
- теплоснабжающих и теплосетевых организаций и владельцев тепловых сетей, не являющихся теплосетевыми организациями, с подписанием актов и паспортов готовности, в срок не позднее 1 ноября и обеспечить их размещение на своих официальных сайтах и в ГИС ЖКХ;
- муниципальных образований с подписанием актов и паспортов готовности, в срок не позднее 20 ноября и обеспечить их размещение на своих официальных сайтах и в ГИС ЖКХ;

3.Рекомендовать руководителям организаций и учреждений района:

3.1. Назначить должностных лиц, ответственных за подготовку объектов к работе в осенне-зимний период 2026-2027 годов. Обеспечить в установленном порядке подготовку, к аттестации обслуживающего персонала, провести противоаварийные и противопожарные тренировки.

3.2. Обеспечить выполнение мероприятий по обеспечению подготовки объектов жилищно-коммунального хозяйства к устойчивой и безаварийной эксплуатации в отопительный период 2026-2027 годов, утвержденных настоящим постановлением.

3.3. Оформить паспорта готовности многоквартирных домов, согласно Приказу Минстрой РД от 23 мая 2025г. №11-Пр-245 «Об утверждении Рекомендаций по обеспечению готовности и оценке обеспечения готовности жилых домов к эксплуатации в зимних условиях на территории Республики Дагестан»;

4. Представить в Минстрой РД, Госжилинспекцию РД и Кавказское управление Ростехнадзора по РД план мероприятий по обеспечению подготовки объектов жилищно-коммунального хозяйства, энергетического хозяйства и социальной сферы муниципального образования района «Гергебильский район» к работе в осенне-зимний отопительный период 2026-2027 годов в срок до 25.05.2026г.;

5.Заместителю главы администрации МР «Гергебильский район» Магомедову М.Ш. организовать работу комиссии по обеспечению готовности к отопительному периоду и проведению оценки по обеспечению готовности объектов жилищно-комунального хозяйства, энергетического хозяйства и социальной сферы администрации муниципального района «Гергебильский район» к осенне-зимнему периоду 2026-2027 гг.

6.Настоящее постановление разместить на официальном сайте администрации МР «Гергебильский район», в системе ГИС ЖКХ и опубликовать в районной газете «Вперед».

7.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района «Гергебильский район» Магомедова М.Ш.

8.Постановление вступает в силу со дня официального опубликования.

**Глава**
**МР «Гергебильский район»**
**М. М. ТАГИРОВ**

*Приложение № 1*
УТВЕРЖДЕН
постановлением администрации
МР «Гергебильский район»
от «20» мая 2026 г. №01-05/48

## СОСТАВ

### муниципальной межведомственной комиссии (штаб) но подготовке жилищно-коммунального хозяйства, жилфонда и организаций бюджетной сферы муниципального района «Гергебильский район» к работе в зимних условиях 2026-2027 гг.

1. **Тагиров Магомедали Магомедович** - Глава МР «Гергебильский район», руководитель ОШ.;
2. **Магомедов Магомед Шарабудинович** - заместитель главы администрации МР «Гергебильский район»;
3. **Магомедова Асият Джарбаевна** - Начальник МБУ «Служба ЕЗ, ЖКХ, КС, МИЗ» МР «Гергебильский район»;
4. **Алиев Ахмед Магомедович** - И.о старшего мастера РЭУ Гергебильского и Унцукульского районов (по согласованию);
5. **Камилов А.Ш.** - Врио начальника отдела жилищного надзора и лицензионного контроля по северному округу ГЖИРД;
6. **Османов Салим Курбанович** - И.о начальника МКУ Управление образования Гергебильского района;
7. **Загидов Загид Магомедович** - Главный специалист администрации МР «Гергебильский район» ГО и ЧС;
8. **Курбанов Багавудин Исмаилович** - Главный инженер Гергебильских РЭС «Дагэнерго» (по согласованию);
9. **Ахмедов Багавудин Магомедович** - Главный редактор Редакции районной газеты «Вперед»;
10. **Магомедов Осман Зайнулабидович** - Главный врач ГБУ РД «Гергебильская ЦРБ» (по согласованию);
11. **Гаджиева Заира Магомедовна** - Начальник ТО Управления Роспотребнадзора по РД в Гергебильском районе (по согласованию);
12. **Гаджиалиев Руслан Магомедкамилович** - Начальник абонентского пункта Гергебильского и Хунзахского районов ООО «Газпром Межрегионгаз Махачкала» (по согласованию);
13. **Главы сельских поселений** - Территориально.

## Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

**Постановлением Правительства РФ от 01.10.2025 № 1511 утверждена периодичность проведения обязательных профилактических визитов.**

Так, надзорные органы должны соблюдать общую для разных видов контроля максимальную периодичность проведения визитов на объектах трех категорий риска и двух классов производственной опасности:

- значительный риск и III класс опасности раз в 3 года;
- средний риск и IV класс опасности раз в 5 лет;
- умеренный риск раз в 6 лет.

Сроки будут исчислять с момента, когда орган присвоил объекту категорию риска или класс опасности. Визит, который проводят по уведомлению о запуске отдельных видов бизнеса, учитывать не станут.

Ранее общая частота обязательных визитов установлена лишь для объектов чрезвычайно высокого (если визит проводят вместо планового контрольного мероприятия), а также высокого риска.

Напомним, в положении о конкретном виде контроля правительство вправе предусмотреть специальную периодичность визитов для объектов значительного, среднего или умеренного риска.

Хозяйствующие субъекты могут оспорить (с соблюдением установленного досудебного порядка) незаконный визит.

**Дополнен перечень имущества, на которое не может быть обращено взыскание по исполнительным документам**

Федеральным законом от 23.03.2026 N 67-ФЗ внесены изменения в статью 446 Гражданского процессуального кодекса Российской Федерации. Внесенными уточнениями предусмотрено, что взыскание по исполнительным документам не может быть обращено также на:

- земельный участок, предоставленный гражданину-должнику бесплатно в качестве меры социальной поддержки многодетных семей, или доля гражданина-должника в праве общей долевой собственности на такой земельный участок;
- транспортное средство, подлежащее государственной регистрации, если оно является единственным транспортным средством у многодетной семьи, членом которой является гражданин-должник.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздa гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль. ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
18 июня 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00